



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/27/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 192YÈM SEZON NAVIGASYON NAN KANAL NEW YORK

Ouvèti pi bonè vwa navigab pou bato lwazi ak komèsyal nan plis pase 30 ane

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ouvèti sistèm Kanal Eta New York pou 192 yèm sezon navigasyon youn dèyè lòt. Dat 27 Avril la make dat pi bonè sezon navigasyon an depi 1982 grasa yon ivè modere ki pèmèt anplwaye yo fini pwojè antretyen, ak preparasyon ouvèti, alavans de orè a. Sistèm Canal la gen ladann Kanal Erie, Champlain, Oswego ak Cayuga-Seneca nan upstate New York.

"Sistèm Kanal New York la se yon mèvèy jeni pwopòsyon epik e konstriksyon l te demontre kalite vizyon, detèminasyon ak vigè ki defini nou kòm Nouyòkè," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Preske de syèk apre achèvmant l, sistèm Canal la kontinye pou l yon destinasyon touris enpòtan, pandan egalman lap jwe yon wòl enpòtan kap sipòte endistri yo toupatou nan Upstate New York."

Canal Erie a reprezante youn nan reyalizasyon jeni nan istwa New York e ansanm avèk kanal ki toupre yo, li kontinye jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi eta. Daprè yon [rapò](#) 2014, sistèm lan jenere preske \$380 milyon nan depans pou touris chak ane nan upstate New York, ak plis pase \$6.2 milya nan itilizasyon ki pa touris tankou irigasyon agrikòl, anbakasyon komèsyal, ak enèji renouvlab ki te jenere nan 27 etablisamn idwo-elektrik ki lokalize sou Kanal la. Rapò a egalman te detèmine ke Canal yo sipòte 26,472 djòb, \$1.6 bilyon dola nan revni pèsònèl, ak \$702 milyon dola nan revni taks, alafwa dirèkteman ak endirèkteman.

Prezidan New York State Thruway Authority ak Canal Corporation Joanie M. Mahoney te deklare, "Nou fyè pou nou rejwenn Gouvènè Cuomo nan ouvèti anyèl ki fèt pi bonè nan Kanal New York yo nan plis pase twa deseni. Mwen konnen ke kominote ak biznis yo ki konte sou benefis ekonomik pozitif touris Kanal la ap kontan pou yo wè bato yo vwayaje nan dlo majestik Kanal nou yo yon fwa ankò, e nou rejwenn yo pou n akeyi plezansye bato yo toupatou nan mond lan pou rive nan vwa navigab sa ki mete 'Empire' nan 'Empire State –Kanal Erie."

Direktè Egzekitif pa Entèrim ak Ofisye Anchèf Operasyon New York State Thruway Authority and Canal Corporation Maria Lehman, P.E. te deklare, "Sistèm Kanal jodia se yon resous fòmidadab pou moun nan Eta New York–inik nan bote ak istwa l, ak yon fòs san parèy pandan de syèk (ak plis ankò) istwa siksè ak vitalite ekonomik. Nou salye gason ak fi ki gen talan nan mendèv Canal Corporation, konpetans,

enjenyozite, ak pasyon ki kenbe vwa navigab remakab sa nan piwo nivo kondisyon fonksyonman ane apre ane."

Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton te deklare, "Chak ane, sistèm Kanal anblematik nou an atire vizitè toupatou nan mond lan pou vwayaje sou vwa navigab ki gen plis istwa nan Etazini ke lèzòm kreye ak pou pwofite pou mache, monte bisiklèt, ak lapèch sou rivaj la. Se yon mèvèy istorik ki alimante toutan ekonomi New York grasa lwazi ak touris, e map rete tann pou m wè sa sezon navigasyon Kanal ane sa ap ajoute nan istwa sa ki rich deja."

Sistèm Kanal la akeyi plizyè aktivite spesyal chak sezon, enkli kous, festival, ansanm avèk lòt aktivite lwazi ke nou ka jwenn lè nou vizite [Kalandriye Aktivite](#) Kanal la. Yo ankouraje Nouyòkè yo fòtman pou patisipe nan aktivite sa yo ki dire pandan tout sezon navigasyon an.

Sèvis vennkatrèdtan disponib pou bato komèsyal yo tankou bato vizit, remòkè, bato chatè, bato kwazyè, ak bato lokasyon kap fonksyone sou sistèm Kanal la. Operatè komèsyal ki anrejistre yo ta dwe rele nan (518) 471-5016 pandan lè regilye biznis e nan (518) 499-1700 apre lè fonksyonman pou fè aranjman pou kle ak sèvis pon asansè andeyò orè regilye fonksyonman Kanal la.

Sezon navigasyon an prevwa pou l fini nan dat 20 Novanm si tanperati a pèmèt li.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418